



Pou Piblikasyon Imedya: 27/08/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINISMAN YON PWOJÈ DEVLOPMAN LOJMAN KI NAN PRI ABÒDAB KI KOUTE 17 MILYON DOLA NAN SYRACUSE

Apatman Star Park yo genyen 50 kay ki nan pri abòdab avèk sèvis sipò pou granmoun ki sanzabri

Investisman an konpleman te inisyativ "CNY Rising" lan – ki se estrateji global reyon an pou revitalize kominote yo epi devlope ekonomi an

Gouvènè Kathy Hochul te anonse achèvmman yon pwojè devlopman lojman nan pri abòdab epi ki bay sipò ki koute 17 milyon dola nan Syracuse. Apatman Star Park yo ki sipòte pa finansman ki soti nan Renovasyon Kominotè ak Lojman Eta New York, ofri 50 kay ki fèk konstui ak 30 inite sipò ki rezève pou granmoun ki sanzabri.

"Lojman sipò se yon eleman enpòtan nan efò nou pou diminye moun ki sanzabri epi asire ke tout Nouyòkè gen aksè nan yon kote ki sekirize, ki bon mache ke yo rele lakay yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Apatman Star Park yo bay pwopriyete yo anviwònman ki estab, ki bay sipò yo bezwen pou viv nan fason endepandan pandan y ap abòde koz kache ensekirite lojman yo. Devlopman sa yo, menm jan ak anpil lòt devlopman ki fèt nan Santral New York ak atravè eta a, reyafime angajman nou pou rann lojman abòdab yo yon realite pou tout Nouyòkè."

Apatman Star Park yo ki sitiye sou State Fair Boulevard, genyen 40 apatman ki genyen yon sèl chanm a kouche ak 10 apatman ki genyen de chanm a kouche - yo tout rezève pou moun ak fanmi k ap fè 60 pousan oswa mwens pase revni mwayen zòn nan. Enstalasyon batiman yo genyen ladan yo yon sal komen ki gen kwizin, ak enstalasyon pou lesiv nan chak etaj.

Apatman yo ki te devlope pa CSD Housing ak Helio Health, genyen ladan yo 30 inite sipò ki rezève pou granmoun ki sanzabri. Sèvis Helio Health bay yo enkli konsèy sou plas pa psikyat, konseye ki akredite sou alkowolis ak toksikomani, ak travayè sosyal.

Devlopman an nan yon distans apye ak magazen, depanè, famasi, bibliyotèk piblik, legliz, bank ak plizyè wout bis. Fonksyonalite ekoenèjetik ki enkli ekipman chofaj Energy Star, aparèy blonbri ki gen debi ki fèb, ak materyèl ki gen emisyon ki ba pou penti ak mastik.

Finansman eta a pou Apatman Star Park yo enkli 10.8 milyon dola nan obligasyon ki pa gen taks pèmanan ak 7.2 milyon dola sibvansyon ki soti nan Renovasyon Kominotè ak Kay Eta New York. Biwo Sante Mantal Eta New York la te bay kapital pou konstriksyon, finansman sibvansyon ak pèman sèvis dèt chak ane.

Apatman Star Park yo fè pati Plan Lojman 20 milya dola sou senk an san presedan eta a. Plan an ap fè gen lojman ki aksesib epi konbat pwoblèm sanzabri a gras a konstriksyon oswa prezèvasyon plis pase 100,000 kay ki nan pri abòdab ak 6,000 lojman ki bay sèvis ankadreman.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè HCR la, te deklare, "Pandemi COVID la te rann konba nou kont pwoblèm sanzabri ak ensekirite lojman an pi ijan ke jamè. Apatman Star Park 17 milyon dola yo bay kay ki sen, ki amelyore lavi, ki bon mache, pou plis pase 50 Nouyòkè ki pa gen gwo mwayen ki gen sèvis ankadreman sou mezi ki soti nan Helio Health. Sou lidèchip Gouvènè Hochul la, n ap kontinye pran swen vwazen ki vilnerab nou yo pou yo ka atenn estabilite epi brize sik sanzabri a yon fwa pou tout."

Direktè Devlopman Pwogram Lojman CSD a, Mike Newman te deklare, "Apatman Star Park yo se dezyèm pwojè lojman CSD Housing a nan Syracuse k ap travay ak Helio pou abòde yon bezwen ki pa satisfè pou lojman bon kalite pou moun ak fanmi ki gen pwoblèm revni yo. Nou pa t ka pi kontan ak rezilta a. HKK Architects ak Christa Construction te simonte kèk kondisyon sit ki difisil pou kreye gwo pwojè sa. Nou apresye sipò patnè gouvènman nou an, Renovasyon Kominotè ak Kay Eta New York ak Biwo Sante Mantal Eta New York, ansanm ak kredi nou, JP Morgan Chase, ak ekip legal nou nan Barclay Damon."

Prezidan Helio Health ak Direktè Egzekitif Jeremy Klemanski, te deklare, "Bezwen pou lojman kalite ki entegre, ki bay sipò epi ki abòdab nan kominote nou an enpòtan anpil. Lojman ki san danje epi ki estab se yon chanjman lavi ki pozitif, patikilyèman pou sila yo k ap rekipere de maladi mantal. Anvan li te afilye Helio Health, Central New York Services, Inc. ak Direktè Egzekitif li, John Warren, te rekonèt enpòtans pou reponn ak bezwen sa. An 2016, avèk patnè li yo, CNYS te kòmanse devlopman ak konstriksyon Star Park. Nou kontan ke ansanm nou te fini pwojè enpòtan sa. Li pwolonje Sèvis Rezidans pou Sante Mantal kontini Helio Health epi pote nouvo resous Lojman Abòdab nan zòn nou an. Ouvèti Star Park ap ajoute sante jeneral pou moun ak kominote nou an. Nou tout fyè pou ofri lojman ki an sekirite, ki estab, ki bay sipò ki vrèman transfòme lavi."

Akselere CNY Rising

Devlopman an vin konplete pwojè CNY Rising, ki se plan global reyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominotè. Plan ki fèt sou plan reyon la konsantre sou kapitalizasyon mache global yo, ki ranfòse antreprenarya epi kreye yon ekonomi ki enklizif.

Rejyon an ap akselere CNY Rising kounye a ak yon envèstisman 500 milyon dola eta a atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò a (Upstate Revitalization Initiative). Envestisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – epi plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 5,900 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib isit la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)